



**ÈSKE OU GEN ENKYETID  
PASKE PITIT OU  
UTILIZE MEDIKAMAN  
PRESKRIPSYON POU  
SOULAJE DOULÈ  
OSWA EWOYIN?**

---

Jwenn bonjan enfòmasyon sou  
opiyoyid, òvèdòz, adiksyon,  
ak tretman.

---

## Kijan opiyoyid travay?

- **Opiyoyid yo gen ladan medikaman preskripsyon pou soulaje doulè** (tankou Percocet oswa OxyContin), ewoyin, ak fentanyl.
- **Opiyoyid yo efikas anpil nan soulaje doulè.** Yo afekte zòn nan sèvo a ki diminye doulè epi yo gen yon efè kalman. Sepandan, opiyoyid yo kapab ralanti oswa sispann respirasyon yon moun epi lakòz yon òvèdòz.
- **Lè ou itilize opiyoyid pandan yon ti tan oswa pandan lontan,** sa ka lakòz depandans fizik, epi pafwa, adiksyon.

---

## Kisa maladi itilizasyon opiyoyid ye?

- **Menmjan ak dyabèt oswa opresyon,** yo konsidere maladi opiyoyid kòm yon pwoblèm sante kwonik epi li ka afekte pitit ou pandan lontan, men yo ka kontwòle li ak swen ak tretman regilye.
- **Maladi itilizasyon opiyoyid,** ki rele tou adiksyon opiyoyid, ka gen ladan:
  - Gwo anvi pou opiyoyid ak preyokipasyon, kote yon moun panse sou itilize li kote li neglije lòt aktivite, tankou fanmi, lekòl, oswa espò
  - Òvèdòz oswa lè ou tèlman anvi dòmi ou pa ka fè okenn lòt bagay
  - Tolerans ak opiyoyid, kote yon moun bezwen itilize plis dwòg pou jwenn menm efè a
  - Sentòm ki sanble grip poutèt retrè lè yon moun sispann itilize opiyoyid, tankou doulè nan kò, dyare ak yon nen koule

# Èske gen yon tretman pou maladi itilizasyon opiyoyid?

- **Wi, tretman travay pi byen** lè li gen ladan itilizasyon medikaman pou maladi itilizasyon opiyoyid.
  - Gen twa (3) medikaman Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) apwouve: buprenorphine, methadone ak naltrexone. Akademi Pedyatri Ameriken rekòmande itilize yo ak adolesan ak jèn adilt, ansanm ak konsèy nan yon anviwònman kominotè.
- **Tretman ak medikaman sa yo** anpeche li itilize dwòg la ankò pi byen pase tretman san medikaman, epi li ka redwi risk pou pitit ou fè òvèdòz.

Medikaman	Buprenorphine (Suboxone)	Methadone	Naltrexone (Vivitrol)
Efè	Redwi anvè ak sispann sentòm retrè		Bloke efè opiyoyid yo
Dozaj	Grenn oswa film pou pran chak jou	Grenn oswa film pou pran chak jou	Piki chak mwa
Minimòm Laj	16	18 *	18
Ofri nan	Pwogram tretman pou swen primè ak tretman maladi itilizasyon sibstans	Pwogram tretman methodone ki gen lisans espesyal <i>Li nesèsè pou ale nan pwogram chak jou pou dozaj</i>	Pwogram swen primè ak maladi itilizasyon sibstans <i>Naltrexone pa rekòmande pou tout moun: Pasyan yo pa dwe pran opiyoyid ditou anvan premye dòz la epi yo gen risk pou retounen itilize dwòg si yo rate yon dòz.</i>

*Kòmantè:* \* Egzanpsyon pou pasyan ki pi jèn yo selon bezwen klinik

---

## Pou konbyen tan pitit mwen pral pran medikaman?

Byenke chimi nan sèvo tout moun ak sikonstans yo diferan, moun ki pran medikaman pandan pi lontan ka evite retounen pran dwòg pi byen. Rechèch montre tretman bonè ak medikaman ede jèn yo rete nan swen.

---

## Èske mwen ka itilize yon sant reyabilitasyon oswa dezentoksikasyon pito?

Anpil moun panse ak reyabilitasyon pasyan ki entène (reyabilitasyon), sant rezidansyèl oswa detoksifikasyon pandan lontan lè yo panse osijè tretman dwòg. Nan kèk ka, moun ki gen maladi itilizasyon opiyoyid ka mande kalite swen entansif sa yo. Sepandan, li enpòtan pou medikaman pou tretman adiksyon fè pati plan tretman an epi pou yo devlope yon plan egzeyat apwopriye pou konekte moun ak sèvis kominotè san rete. San sipò sa yo, gwo anvi moun kontinye genyen souvan apre yo kite sant pou pasyan ki entène oswa sant rezidansyèl tankou sa yo mete yo a risk pou òvèdòz. Nenpòt nivo nan tretman ki gen buprenorphine oswa methadone gen plis sekirite paske li redwi anvi epi pwoteje moun kont òvèdòz.

---

## E Òvèdòz?

Menmsi yon adolesan oswa jèn moun pa gen maladi itilizasyon opiyoyid, yo ka gen risk pou òvèdòz lè yo itilize dwòg detanzantan. Fentanyl, yon opiyoyid, ki fò epi ki aji vit, yo te jwenn li melanje ak ewoyin ak dwòg ki pa opiyoyid tankou kokayin. Nou ka evite yon moun mouri ak òvèdòz opiyoyid. Kenbe naloxone — yon medikaman ki fasil pou itilize epi san danje pou anile òvèdòz opiyoyid — lakay ou oswa tout kote ou ye sizoka ta gen yon ijans.

Ou ka jwenn naloxone nan yon seyans fòmasyon naloxone gratis oswa nan plis pase 700 famasi nan Vil New York, gen ladan Walgreens, Duane Reade, Rite Aid ak CVS.

Pou jwenn yon famasi ki ofri naloxone san yon preskripsyon oswa pou enskri pou yon fòmasyon naloxone gratis, ale sou [nyc.gov/naloxone](https://nyc.gov/naloxone).

---

## + Etap aksyon pou ede pitit ou a:

1. Pale ak pitit ou sou opiyoyid ak lòt dwòg. Fè yo konnen ou la pou ede.
2. Mache ak naloxone pou itilize pandan yon ijans pou anile yon òvèdòz epi sove lavi pitit ou. Tcheke sou pitit ou souvan.
3. Mande pwofesyonèl swen sante ou pou refere ou bay yon founisè tretman maladi itilizasyon sibstans oswa youn nan resous tankou NYC Well pou jwenn youn.
  - Mande yo si yo gen eksperyans nan tretman adolesan oswa jèn adilt epi si yo ka ofri tretman ak medikaman pou maladi itilizasyon opiyoyid.
4. Mete medikaman ki preksri yo (ki gen ladan opiyoyid) nan kabinèt fèmen epi jete sa ou pa itilize ankò. Ankouraje fanmi pwòch ou yo fè menm bagay la.
5. Si pitit ou te fè yon operasyon oswa soufri ak doulè, pale ak doktè li sou pi bon fason pou jere doulè yo epi evite opiyoyid kote li posib.

---

## + Resous

- **NYC Well**

- Sipò disponib 24 sou 24 ak konseye ki ka bay konsèy gratis ak konfidansyèl, resous sou tretman, ak sipò emosyonèl pou ede ou menm ak pitit ou.
- Pou jwenn èd oswa pou jwenn plis enfòmasyon, rele NYC Well nan 888-692-9355, tèks "WELL" bay 65173 oswa ale sou [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell).

- **Sant sou Adisyon**

- Liy Èd Sant sou Adiksyon an ofri sipò fas-a-fas bay paran ak lòt moun k ap pran swen yon timoun ki gen pwoblèm ak itilizasyon dwòg ak alkòl.
- Pou jwenn yon Espesyalis nan Liy Èd la, rele 855-378-4373, voye yon mesaj tèks bay 55753 oswa ale sou [drugfree.org/helpline](https://drugfree.org/helpline).

- **Atik pou rechèch**

- "Medication-Assisted Treatment of Adolescents with Opioid Use Disorders" (Tretman Adolèsan ki gen Maladi Itilizasyon Opiyoyid ak Medikaman) nan American Academy of Pediatrics (Akademi Pedyatrik Ameriken): [pediatrics.aappublications.org/content/pediatrics/138/3/e20161893.full.pdf](https://pediatrics.aappublications.org/content/pediatrics/138/3/e20161893.full.pdf)
- "Receipt of Timely Addiction Treatment and Association of Early Medication Treatment with Retention in Care Among Youths With Opioid Use Disorder" (Jèn ki gen Maladi Twoub Opiyoyid k ap Resevwa Tretman pou Adiksyon San Pèdi Tan, kote yo Kenbe yo anba Swen): [jamanetwork.com/journals/jamapediatrics/fullarticle/2698965](https://jamanetwork.com/journals/jamapediatrics/fullarticle/2698965)